



Pou Piblikasyon Imedya: 14/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO TE CHWAZI SIS GWROUP BYEN IMOBILYE PRENSIPAL NAN KAD DEZYÈM FAZ NAN DEFI EMPIRE BUILDING LAN POU FÈ AVANSE BILDING KI ADAPTE POU KLIMA NAN ETA NEW YORK**

*Twazyèm faz defi a kounye a ouvè pou avanse solisyon renovasyon repwodiktif ki fèb an kabòn pou bilding pou plizyè fanmi yo*

*Sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a pou diminye emisyon gaz efè sè yo a 85 pousan disi 2050 ak objektif Gouvènè a pou devlope de milyon kay ki favorab pou klima*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yo te chwazi sis gwoup byen imobilye prensipal nan dezyèm faz 50 milyon dola Defi Empire Buildings lan pou avanse bilding ki favorab pou klima yo nan Eta New York. Anons jodi a te enkli tou lansman yon twazyèm faz ki mande yon nouvo gwoup ekip byen imobilye rantre nan Defi a pou avanse solisyon renovasyon repwodiktif an matyè efikasite enèji epi ki fèb an kabòn pou bilding pou plizyè fanmi yo. Defi Empire Building New York la entegral pou akselere pwogrè Eta a nan direksyon Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) pou diminye emisyon gaz efè sè a 85 pousan disi 2050 ak objektif Gouvènè a pou devlope de milyon kay ki favorab pou klima.

"Tranzisyon nan yon ekonomi kabòn net vle di pran mezi solid jodi a ki pral gen gwo enpak sou demen", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Investisman revolisyonè atravè Defi Empire Building la ap transfòme fason endistri bilding lan devlope epi aplike solisyon ki favorab pou klima yo – yon pati enpòtan nan efò nou pou modènize bilding nou yo, amelyore kalite lè a, epi bay plis espas travay ak enèji efikas pou pwochen jenerasyon Nouyòkè yo."

**Patnè yo dezyèm faz te anonse jodi a**

Atravè Dezyèm Faz Defi a, ki te administre pa Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), yo te chwazi sis patnè byen imobilye pou aplike yon pwopozisyon renovasyon ki gen kabòn fèb ki ka repwodui pou abòde youn oswa plizyè baryè pou dekarbonize batiman (yo). Patnè yo fèk akòde yo posede ansanm plis pase 108 milyon pye kare byen imobilye ak 18,000 inite rezidansyèl atravè Eta New York, ki gen ladan 1,500 inite lojman abòdab. Prim sa yo tou debloke plis pase 57 milyon dola nan investisman prive nan men patnè

byen imobilye Defi yo pandan y ap atire founisè solisyon globalman pou pote inovasyon ak envestisman biznis nan Eta New York.

Sis pwojè yo enkli:

### **Amalgamated Housing Corporation (AHC)**

- Te reseva: 3 milyon dola
- Ekip la gen ladan: En-Power Group and Egg Geo
- Bilding yo: Tower 1 ak Tower 2, 3965 – 3975 Sedgwick Avenue, Bronx, NY 10463
- Pwopriyete lojman abòdab, 316 inite lojman abòdab, 20 etaj, 425,000 pye kare

### **BXP**

- Te reseva: 1.1 milyon dola
- Ekip la gen ladan: Jaros, Baum & Bolles ak Norges Bank Investment Management
- Bilding: 601 Lexington Avenue, New York, NY
- Yon bilding biwo komèsyal, 59 etaj, 1.5 milyon pye kare

### **Brookfield Properties**

- Te reseva: 3 milyon dola
- Ekip la gen ladan: Cosentini Associates
- Building: 660 5th Avenue, New York, NY 10022
- Yon bilding biwo komèsyal, 41 etaj, 1.4 milyon pye kare

### **LeFrak Organization**

- Te reseva: 3 milyon dola
- Ekip la gen ladan: Steven Winters Associates, Inc. ak Ryan Soames Engineering
- Bilding yo: 59-17 Junction Boulevard, Queens, NY 11371
- Yon bilding biwo komèsyal, 20 etaj, 396,000 pye kare

### **Tishman Speyer**

- Te reseva: 3 milyon dola
- Ekip la gen ladan: Jaros, Baum & Bolles Consulting Engineers, LLP, ak Brightcore
- Bilding: 520 Madison Avenue, New York, NY 10022
- Yon bilding biwo komèsyal, 43 etaj, 1 milyon pye kare

### **Vornado**

- Te reseva: 1 milyon dola

- Ekip la gen ladan: Jaros, Baum & Bolles Consulting Engineers
- Blding: PENN 1 Plaza, New York, NY
- Yon bilding biwo komèsyal, 57 etaj, 2.5 milyon pye kare

**Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare,** "Defi Empire Building la ap ankouraje kwasans ekonomik ak renouvèlman nan New York lè li atire pi bon fabrikan, founisè solisyon ak antreprenè ki soti toupatou nan mond lan pou mete tèt ansanm ak lidè byen imobilye prensipal eta a yo pou ede konvèti rezèv bilding nou an an bilding pou lavni yo. Nouvo patenarya sa yo ap pote solisyon ki pwomèt, nouvo ak evolutif pou bilding ki wo nou yo ki tabli nouvo estanda konsepsyon, dirèkteman amelyore kondisyon pou okipasyon yo, epi redwi depans enèji – pandan y ap ede fè New York la vin episant pou endistri renovasyon ki fèb an kabòn."

NYSERDA te evalye pwopozisyon yo sou baz ekspansyon ak fezabilite yon pwojè nan abòde gwo defi pou dekarbonize batiman ki wo yo, ansanm ak volonte ak kapasite pwopriyete batiman an pou aplike solisyon nan pòtfèy batiman pa yo. Ou ka jwenn plis detay sou tout pwojè renovasyon yo sou [sit entènèt](#) Defi Empire Building NYSERDA.

**Ed Yaker, Trezorye Amalgamated Housing Corporation, te deklare,** "Gen bagay enteresan k ap pase jodi a nan teknoloji rediksyon kabòn lan. Atravè Defi Empire Building lan, Amalgamated kontan dèske kowoperatè nou yo pral pami premye moun ki benefisye, yo pral jwi pi gwo konfò ak pi ba pri pandan n ap avanse nan netralite klimatik la. Nou fyè ke lòt bilding yo pral kapab swiv bagay enteresan k ap pase jodi a nan teknoloji rediksyon kabòn lan. Ansanm nou ka ede reyalize objektif klimatik Eta New York yo."

**Vis Prezidan Egzekitif BXP Rejyon New York, Hiliary Spann, te deklare,** "Sa se yon opòtinite enpòtan pou dirije yon nouvo epòk dekarbonizasyon enèji tèmik nan Vil New York avèk NYSERDA ak patnè nou yo nan Norges Bank Investment Management. Pwojè a alinye ak angajman nou nan tout pòtfèy la pou reyalize operasyon netralite kabòn dis 2025. Defi Empire Building NYSERDA a ak pwojè sa a pral bay yon prèv konsèp valab pou BXP, lòt pwopriyete komèsyal nan Vil New York, ak endistri byen imobilye a an jeneral."

**Michael Daschle, Vis Prezidan Prensipal devlopman dirab nan Brookfield Properties, te deklare,** "Nou kontan pou nou fè patenarya ak NYSERDA nan Defi Empire Building lan pou pwopriyete nou yo fèk redevlope a nan 660 Fifth Avenue. Pwojè sa a se yon gwo etap nan angajman nou genyen pou n reyalize kabòn nèt zewo epi ankouraje itilizasyon efikas resous yo. Nou kwè ke pwojè sa a pral sèvi kòm yon modèl pou solisyon dekarbonizasyon ki evolisit ki pral benefisye lokatè nou yo, envestisè yo ak kominote nou an."

**Jonathan Flaherty, Direktè Jeneral, Responsab Global Dirabilite ak Teknoloji Blding, Tishman Speyer, te deklare,** "Tishman Speyer devwe nan sante ak byennèt kliyan nou yo ak pou minimize enpak anviwònmanal nou atravè kominote n ap sèvi yo.

Patisipasyon nou nan Defi Empire Building NYSERDA a demontre detèminasyon nou pou kreye yon plan pou dekarbonizasyon gradyèl nan tout pòtfèy mondyal nou an, ke nou te angaje pou konplete disi 2050 oswa pi bonè. Nou espere ke inovasyon n ap pouswiv nan 520 Madison, ki gen ladan pèsaj pou enèji jewotèmik, pral bay enfòmasyon enpòtan non sèlman pou Tishman Speyer men pou tout kominote byen imobilye a."

**Prezidan ak Direktè Finansye an Chèf Vornado Realty Trust, Michael Franco, te deklare,** "Vornado konsantre sou pwochen fwontyè byen imobilye dirab atravè teknoloji, rezistans nan pèfòmans, ak sante total lokatè ki ankre angajman nou nan reyalize operasyon net an kabòn nan PENN 1. Pwojè sa a, an patenarya ak NYSERDA, pèmèt nou avanse ak objektif nou yo epi answit aplike menm solisyon yo nan tout 25 milyon pye kare byen prensipal nou yo, sa ki anplifye enpak nou yo ak pou avanse dekarbonizasyon atravè Vil New York."

**Christopher D. Colasanti, PE, LEED AP, CEA, Patnè Asosye, JB&B, te deklare,** "JB&B Deep Carbon Reduction Group fyè pou l patisipe nan Defi Empire Building lan ak devlopè ki ap panse pou pi devan yo. Li rasanble bon moun yo ansanm nan sèvis yon gwo koz esansyèl—ki finalman pral fè tout diferans lan."

### **Twazyèm Faz Defi a**

Nan kad twazyèm faz defi a, NYSERDA ap chèche ekip pou soumèt aplikasyon sou apwòch modènizasyon ki kapab idantifye chemen teknik ak ekonomik ki kapab repwodui pou elimine itilizasyon gaz fosil sou plas la pandan y ap ogmante konfò ak pèfòmans pou moun k ap viv nan bilding plizyè fanmi yo, ki se youn nan kalite bilding ki pi difisil pou dekarbonize yo. Patnè yo chwazi yo pral resevwa jiska 100,000 dola nan sipò asistans teknik epi yo pral elijib pou soumèt pwopozisyon modènizasyon ki ba an kabòn nan yon faz finansman konpetitif, ke yo prevwa an ete 2024.

Kritè elijibilite pou aplikan yo gen ladan:

- Pwopriyetè bilding yo dwe gen yon pwopozisyon pwojè dekarbonizasyon ki pare pou aplike anvan fen 2025;
- Pwopriyetè bilding lan dwe aplike pou pwogram lan nan patenarya avèk yon responsab teknik, tankou kabinè enjenyè Mekanik, Elektrik ak Plonbri (Mechanical, Electrical, and Plumbing, MEP);
- Pwopriyetè bilding lan dwe avanse bilding pou patisipe nan pwogram sa a ki genyen omwen 50 inite lojman;
- Angajman piblik pwopriyetè bilding lan pou rediksyon kabòn nan pòtfèy bilding Eta New York la se youn nan kritè prensipal pou fè nòt.

Aplikasyon yo dwe fèt anvan 3:00 p.m. nan dat 16 novanm 2023, epi yo prevwa seleksyon ganyan yo nan mwa janvye 2024.

Defi Empire Building lan, [yo te anonse nan mwa septanm 2020 an](#), te kreye yon patenarya piblik-prive ak devlopè byen imobilye prensipal yo ki ansanm kontwole plis pase 220 milyon pye kare byen imobilye nan Eta New York, ki gen ladan plis pase 250 batiman ki gen ladan yo lojman abòdab. Patnè sa yo angaje pou atenn netralite kabòn nan youn oswa plizyè batiman epi nan plis pase 800 inite lojman abòdab ansanm avèk potansyèl pou agrandi nan pòtfèy yo pou plis pase 25,000 inite lojman abòdab. N ap jwenn yon lis konplè Patnè Bilding Empire yo anba a ak plis enfòmasyon sou byen imobilye ke yo te angaje yo ladan pou atenn netralite kabòn nan sou [sit wè NYSERDA](#). Pwopriyetè bilding, founisè solisyon, fabrikan ak lòt pati enterese yo ankouraje vizite <http://nyserda.ny.gov/EBC> pou detay anplis sou Defi Bilding Empire a ak pou aprann kijan pou fè patenarya avèk NYSERDA, redui emisyon kabòn ak enplike nan ekonomi enèji pwòp la.

Bilding yo se pi gwo sous emisyon gaz a efè sè yo nan Eta New York, ki responsab pou yon tyè emisyon anyèl yo nan tout eta a. Entegre mezi sou efikasite enèji ak elektrifikasyon nan bilding ki nouvo ak ki egziste yo pral redui polisyon kabòn ak ede vin genyen bilding ki pi dirab, sen ak konfòtab pou sipòte objektif anbisye eta a pou genyen 2 milyon kay ki adapte pou klima dis 2030. Atravè pwogram NYSERDA ak sèvis piblik yo, plis pase 6.8 milya dola ap investi pou dekarbonize bilding yo pou atenn objektif dekarbonizasyon Eta a. Nan amelyore efikasite enèjetik nan bilding yo epi mete estokaj sou sit yo, enèji renouvlab ak ekipman rechaj veyikil elektrik, Eta a pral diminye polisyon ak kabòn nan epi avanse nan objektif pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTUs (Inite Tèmik Britanik) dis lane 2025, sa ki se ekivalan ak kouran pou 1.8 milyon kay.

### **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a**

Ajanda klimatik Eta New York la ki se lidè nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. New York, ki oryante pa kèk nan inisyativ klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, sou pwen pou reyalize yon sektè enèji zewo emisyon vè 2040, ki enkli 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwaye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon yo vann nan Eta a gen zewo emisyon dis 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk apeprè 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak 100 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a

nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418